# МКОУ «Садовая СОШ»

**РЕКОМЕНДОВАНО**
Руководитель М.О.
Хизриева У.Х.
Протокол № 5 от
«16» 06 2023 г.

**СОГЛАСОВАНО**
Заместитель директора по УВР
_____/Рамазанова А.А
Протокол№ 5 от.
«17» 06 2023___

**УТВЕРЖДЕНО**
Директор МКОУ Садовая СОШ «»
_____/Салаватова И.М./
Приказ № ___ от
«30» 08 2023__ г.

# Рабочая программа

# по родному (аварскому) языку

# 6 кл.

**Автор:Гамзатов**

**Просвещение 2008**

**Всего часов -34**

**2ч .в неделю**

**Учитель: Темирова П.Г.**

2023-2024 уч.год

**ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН**

Программа хIадур гьабулаго, кьочIое росун руго Аслияб школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт1, гьединго Тарбия кьеялъул мисалияб программаялъулъ2 загьир гьарурал цIикIкIараб кIваралъул мурадал ва масъалаби.

Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар мацI малъиялъул мурадалда рекъон стандарталъул хIасил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Программа ккола мисалияб, ва гьеб хIисабалде босула авар мацIалъул программаби ва учебникал хIадур гьарулел автораз, ай гьелъул кьучIалда гIуцIизе бегьула хIалтIул программаби ва цIалул тIахьал.

Аслияб школалда авар мацI лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

– маданияталъул бутIа хIисабалда мацIалдехун хIакъикъияб, бичIчIи бугеб бербалагьи гьаби;

– обществоялъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьаркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги рахьдал мацIалъ кквербакъулеблъи бичIчIи;

1 Федералияб стандарт тасдикъ гьабун буго Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул министерствоялъул приказалдалъун кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул лъебералда цоабилеб маялда, № 286 (Россиялъул Федерациялъул юстициялъул министерствоялъ гьелъул регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабун буго кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул щуабилеб июлалда, № 64100

2 Тарбия кьеялъул мисалияб программа тасдикъ гьабун буго гIаммаб лъай-кьеялъул федералияб цIалулгун методикияб цолъиялъул хIукмуялда рекъон (кIиазаралда къоабилеб соналъул кIиабилеб июналда хъвараб протокол, № 2/20).

– рахьдал мацӀалъул эстетикияб бечелъи (ай рахьдал мацӀалъул берцинлъи, гьайбатлъи, чӀурканлъи) бичӀчӀи;

– щибаб къойилаб гӀумруялъулъги цӀалулъги хӀалтӀизабизе бажарулеб куцалда рахьдал мацӀ лъазаби; калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричӀчӀизе ва цоцада гьоркьоб бухьен чӀезабизе бугеб бажари цебетӀезаби; цӀалиялда хурхарал батӀи-батӀиял хӀалтӀаби гьаризе гъваридго мацӀ лъай (ай мурад лъезеги, план гӀуцӀизеги, жиндирго каламалда хадуб халкквезеги, каламалъулъ риччарал гъалатӀал ритӀизаризеги бажари).

– фонетикаялъул, лексикаялъул, рагӀи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хӀакъалъулъ лъай щвей; жамгӀияб гӀумруялда жаниб гьелъул кӀваралъул хӀакъалъулъ баянал кьей, битӀунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул бажари камиллъизаби, лъималазул рагӀул нахърател бечелъизаби.

Рахьдал мацӀ лъазабиялда церечӀарал масъалабилъун ккола:

– батӀи-батӀиял лингвистиял словараздаса ва цогидалги источниказдаса къваригӀарал баянал роси ва гьел кьучӀдасанго хиси;

– мацӀалъул гӀуцӀиялъул ва гьеб дандекколеб куцалъ хӀалтӀизабиялъул, гьелъул стилистикияб рахъалъ бугеб бечелъиялъул ва литературияб мацӀалъуласлиял нормабазул хӀакъалъулъ щулияб лъай щвей;

– мацӀалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезе, гьезул анализ гьабизе, гьел дандеквезе, ратӀарахъизе ва тӀелазде рикьизе бугеб бажари цебетӀезаби;

– кӀалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, батӀи-батӀияб ахӀвал-хӀалалъулъ мацӀ хӀалтӀизабиялъул къагӀидаби, каламалъул этикаялъул нормаби щулаго лъазари;

– активияб ва тӀатине бегьулел (потенциалиял) рагӀабазул нахърател бечелъизаби;

– каламалъулъ хӀалтӀизабулеб грамматика къадаралъул, объёмалъул рахъалъ кӀодо гьаби;

– цӀалиялда хурхарал хӀалтӀаби гьарулаго, щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда босизе бугеб махщел камиллъизаби.

**Курсалъул гIаммаб характеристика**

Аслияб школалда авар мацIалъул курс буссун буго напсиял, метапредметиял ва предметиял хIасилал тIуразариялде. Гьединаб мурадалде щола цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъ. ЦIалдохъабазда гъваридго лъазе ккола кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, гьезда бажаризе ккола гIумруялъулъ кIвар бугел бакIазда мацIалдаса пайда босизе. Гьезие щвезе ккола жамгIияб бечелъи ва мацIалъул система хIисабалда мацIалъулги, гьелъул гIуцIиялъулги, гьеб цебетIезабиялъулги хIакъалъулъ чара гьечIого къваригIарал баянал; гьезда щулаго лъазе ккола авар литературияб мацIалъул аслиял нормаби, цIалдохъабазул калам бечелъизе ккола грамматикияб гIуцIиялъул ва рагIабазул нахърателалъул рахъалъги; гьезда бажаризе ккола батIи-батIиял лингвистикиял словараздаса пайда босизеги, мацIалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезеги, гьезул анализ гьабизеги. ЦIалдохъабазда бичIчIизе ккола мацI миллияб культура загьир гьабулеб формабазул цояб кколеблъи, мацIалдаги тарихалдаги гьоркьоб бугеб бухьен ва рахьдал мацIалъул миллиябгин культураялъул хаслъи; гьезда лъазе ккола каламалъул этикаялъул нормаби ва лъилгунниги гьоркьоблъи гьабиялъул культураги.

Лъай бугев цIалдохъанлъун вахъизе кумек гьабула метапредметиял статус бугел гьал хадусел хIалтIабаз:

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял коммуникативиял хIалтIаби (каламалъул батIи-батIиял тайпаби лъазе, гIел бащадазулгунги цIикIкIаразулгунги пайдаяб калам (гара-чIвари) гьабизе; кIалзул ва хъвавул калам лъикI бичIчIизе, лъураб суалалда тIасан тIубанго, битIун, дурусго ва пасихIго жиндирго пикру загьир гьабизе, хурхен гьабулаго, хъвавул ва кIалзул каламалъул аслиял нормаби ва каламалъул этикаялъул къагIидаби цIунизе ва гь.ц.);

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби (суалалъе къокъго ва мухIканго баян кьезе, далил бачун бихьизабизе, жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе; жиндирго ритIухълъи

хIужжабаздалъун чIезабизе; батIи-батIиял источниказдаса чара гьечIого къваригIараб информация босизе; аслияб информация аслияб гурелдаса батIабахъизе; коммуникативияб мурадалда бан, цIалиялъул тайпа тIасабищулаго, цIалиялъул мурад бичIчIизе, информация балагьиялъул методал хIалтIизаризе; информация цIидасан къачIазе, системаялде бачине ва батIи-батIиял къагIидабаздалъун бихьизабизе ва гь.ц.);

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял регулятивиял хIалтIаби: (жинца гьабулеб хIалтIул мурад лъезе ва гьелъие баян кьезе; гьабулеб хIалтIул тартибалъул план гьабизе ва нагагь хIажалъани гьеб хисизабизе; гьабураб хIалтIул жинцаго хал гьабизе, гьелъие къимат кьезе ва гь.ц.);

Гьеб хIалалда, авар мацIалъул курсалъул аслияб куцалда кIвар буссун буго литературияб мацIалъул нормабиги лъалев, жиндирго пикру ва рекIел хIал эркенго кIалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабизеги бажарулев, цогидазда кIалъалаго этикиял нормабиги цIунизе лъалев тарбия щварав инсан гIезавиялде.

Авар мацIалъул курс цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъул мурадалде буссараб букIин бихьизабулеб буго гьеб курсалъул гIуцIиялъги. Гьениб щибаб классалда кьураб материал бикьун буго кIиго бутIаялде.

ТIоцебесеб бутIаялда кьун буго цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе ругьун гьариялъул материал. Гьеб бутIаги гIуцIун буго гьал хадусел разделалдасан: «МацIалъул хIакъалъулъ гIаммаб баян», «МацI ва калам», «МацI ва культура», «Калам хIалтIизаби», «Текст», «МацIалъулхъулухъ».

КIиабилеб бутIаялда кьураб материалалъ цIалдохъабазе мацI лъазабизе кумек гьабула. Гьеб бутIаялда гъорлъе уна гьал хадусел разделал: «Фонетика ва орфоэпия. Графика», «Морфемика ва рагIи лъугьин», «Лексика ва фразеология», «Морфология», «Синтаксис», «БитIунхъвай: орфография ва пунктуация».

Гьел разделалги гьадин рикьун лъазарулел руго: 5, 6 ва 7 классазда малъула фонетика ва орфоэпия, морфемика ва рагIи лъугьин, лексика ва фразеология, морфология ва битIунхъвай. Синтаксис лъазабула 8 – 9

классазда: рагIабазул дандрай ва гIадатаб предложениялъул синтаксис – 8 классалда, жубараб предложениялъул синтаксис – 9 классалда. Амма синтаксисалъул хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал 5 классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе, калам цебетIезабиялъул ва пунктуациялъул хIалтIаби гьаризе рес букIине. Гьеб материалги программаялда линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьочIое босун, «Лексика», «РагIи лъугьин», «Предметияб цIар» гIадал темаби 5 ва 6 классазда, «Глагол» 5, 6 ва 7 классазда кьун руго. ХутIарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гIатIидго. Гьединго программаялда дандчIвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гIатIидго малъизе ккола.

Рахьдал мацI лъазабулаго, тIадехун рихьизарурал бутIабазулъ кьураб материалалда гьоркьоб щулияб бухьен букIине ккола. Масала, курсалъул разделал малъулаго, гьезул щибалда жаниб бугеб грамматикияб материал лъазабиялда цадахъ цIалдохъабаз хIаракат бахъула калам камиллъизабизеги, цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе бугеб бажари цебетIезабизеги, миллиябгин культурияб бечелъи хIисабалда рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ бугеб бичIчIи гъварилъизабизе

6 КЛАСС

МацI ва калам. МацI гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабиялъул алат хIисабалда

Авар мацI Дагъистан Республикаялъул пачалихъияб ва магIарул миллаталда гьоркьоб бухьен гьабиялъул мацI хIисабалда. Авар литературияб мацI.

КIалзул ва хъвавул калам. Диалог ва монолог. Монологияб каламалъул тайпаби (хабарияб, сипатияб ва пикрияб). Диалогалъул тайпаби.

12

Тексталъул магIнаяб анализ: гьелъул гIуцIиялъул хаслъаби, темабазул къадар ва абзацал, тексталъулъ предложениял цоцазда рухьинариялъул

къагӀидаби ва алатал. Тексталъул план. Цо кинаб бугониги бакӀалъул, тӀабигӀаталъул, рукъалъул ва инсанасул сипат-сурат гьаби.

Ишалъулаб стиль. ГӀарза. Расписка.

Лексика ва фразеология

Лексикаялъул хӀакъалъулъ 5 абилеб классалда малъараб материал такрар гьаби.

Киназго хӀалтӀизарулел рагӀаби. Диалектиял (бакӀалъулал) ва пишачилъиялъулал рагӀаби. КьучӀдасанго ругел авар мацӀалъул ва цогидал мацӀаздаса рачӀарал рагӀаби. ЦӀиял ва басралъарал рагӀаби. Фразеологиял сверелал. Лексикаялъул разбор.

РагӀи лъугьин ва битӀунхъвай

5 абилеб классалда малъараб материал такрар гьаби.

РагӀи лъугьин лингвистикаялъул бутӀа хӀисабалда.

ЦӀиял рагӀаби лъугьиналъул аслиял къагӀидаби: а) суффиксаздалъун; б) кӀиго рагӀи яги кӀиго кьибил жубаялдалъун; в) цо каламалъул бутӀаялъул рагӀи цогиялде свериялдалъун; г) рагӀул флексиялдалъун; д) ударениялъ бакӀ хисиялдалъун (авалияб бичӀчӀи).

Журарал рагӀабазул битӀунхъвай. РагӀи лъугьиналъул ва морфемиял словарал.

Предметияб цӀар

Предметияб цӀар падежазде свери (цолъул формаялда). Предметияб цӀаралъул гӀемерлъул форма лъугьин. (Тема гӀатӀид гьаби). ГӀемерлъул формаялда предметиял цӀарал падежазде свери. Падежазул ахиразул битӀунхъвай.

Прилагательное

Прилагательное. ГӀаммаб магӀна, морфологиял гӀаламатал ва



предложениялъулъ тӀубалеб хъулухъ. Качествиял, гьоркьоблъиялъулал ва бетӀергьанлъи бихьизабулел прилагательноял. Прилагательное жинсгун формаялъулъ предметияб цӀаргун рекъонккей.

Предметияб цӀарлъун хӀалтӀизарурал прилагательноял падежазде

свери.

ГӀурус мацӀалдаса рачӀарал прилагательноязул битӀунхъвай.

РикӀкӀен

Каламалъул бутӀа хӀисабалда рикӀкӀен.

ГӀуцӀиялде балагьун, гӀадатал, журарал, составиял рикӀкӀенал ва гьезул битӀунхъвай.

Къадаралъул рикӀкӀен ва разрядал: цадахълъи бихьизабулел, щаклъи бихьизабулел, тӀолголъи бихьизабулел, бутӀа бичӀчӀизабулел (дробазул); гьезул битӀунхъвай.

Иргадул рикӀкӀен ва гьелъул битӀунхъвай.

Къадаралъул ва иргадул рикӀкӀенал падежазде свери.

ЦӀарубакӀ

Каламалъул бутӀа хӀисабал цӀарубакӀ.

МагӀнаялде балагьун, цӀарубакӀазул разрядал: гьумералъул, ишараялъул, баянлъул, баянлъи гьечӀел, суалиял, абсолютиял (гьечӀолъиялъул), жибголъиялъул.

ЦӀарубакӀал падежазде свери. ЦӀарубакӀазул битӀунхъвай.

Причастие

Причастие – глаголалъул хасаб форма: гьелъул магӀна, морфологиял гӀаламатал, предложениялъулъ причастиялъ тӀубалеб хъулухъ.

Причастиял сверелал ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

Араб заманалъул причастие. ГӀахьалаб заманалъул причастие. БачӀунеб заманалъул причастие. Причастиялъул буголъиялъул ва гьечӀолъиялъул формаби. Предметияб цӀарлъун хӀалтӀизабураб причастие падежазде свери.



Деепричастие

Деепричастие – глаголалъул хасаб форма, гьелъул магӀна, морфологиял гӀаламатал, предложениялъулъ деепричастиялъ тӀубалеб хъулухъ.

Араб заманалъул деепричастие. ГӀахьалаб заманалъул деепричастие.

Деепричастиял сверелал за гьезулъ лъалхъул ишараби.

| № п/п | Темы | Часы | д/з | дата | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | План. | Факт. |
| 1 | Авар мац1алъул х1акъалъулъ къокъаб баян<br>Лексика ва фразеология.<br>5 абилеб классалда малъараб лексика такрар гьаби | 1 | Х1. 1, гьум. 3 (рек1ехъе)<br>§1<br>Х1.5<br>гьум. 9 | 4.09 | |
| 2 | Киназго х1алт1изарулел раг1аби<br>Диалектикиял ва пишачилъиялъул раг1аби | 1 | §2<br>Х1.4<br>гьум. 11<br>§3<br>Х1.4<br>гьум. 13 | 11.09 | |
| 3 | Цогидал мац1аздаса рач1арал раг1аби.<br>Ц1иял ва басралъарал раг1аби<br>Фразеология | 1 | §4<br>§5<br>§6,<br>Х1.5<br>гьум. 20 | | |
| 4 | К.ц. диктант | 1 | Малъараб материал т/гь | 18.09 | |
| 5 | Раг1и лъугьин.  5кл. малъараб материал такрар гьаби<br>Морфологияб къаг1идаялъ раг1и лъугьин:  суффиксазул кумекалдалъун | 1 | §7<br>Х1.4<br>гьум. 22<br>§8<br>Х1.6<br>гьум. 26 | 25.09 | |
| 6 | К1иго раг1и,  яги к1иго кьибил жубан раг1аби лъугьин<br>Бак1алъул г1адамал рихьизарулаго, раг1ул кьибил хисиялдалъун | 1 | §8<br>Х1.5<br>гьум. 27 | 2.10 | |
| 7 | Цо каламалъул бут1а цогиялъул бак1алда х1алт1изаби<br>Журарал къокъ гьарурал раг1аби.<br>Раг1абазул диктант | 1 | §8<br>§ 9<br>гьум 31-34. К/с гьум.35 | 9.10 | |
| 8 | Контролияб диктант | 1 | Малъараб материал такрар гьаби | 16.10 | |
| 9 | Морфология ва бит1унхъвай.<br>Предметияб ц1ар.<br>Предметияб ц1ар (цебесеб классалда малъараб такрар гьаби)<br>Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма такрар гьаби | 1 | §10<br>Х1 5<br>гьум 38<br>гьум 42 | 23.10 | |
| 10 | Бак1алъул падежал | 1 | §11<br>гьум 47-48 | 13.11 | |
| 11 | Предметияб ц1аралъул г1емерлъул форма<br>Г1емерлъул формаялде пр. ц1ар падежазде свери. | 1 | §12<br>Х1 5<br>гьум 50 | 20.11 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 12 | Предметияб ц1аралъул суффиксал<br>Журарал предметиял ц1арал ва гьезул бит1унхъвай ва разбор | 1<br>1 | § 14<br>Х1 6<br>гьум 55<br>§ 15<br>гьум 55-56 | 27.11 | |
| 13 | Изложение.<br>Руз | 1 | Рокъоб лъуг1изабизе | 4.12 | |
| 14 | Прилагательное<br>Качествиял прилагательноял | | § 17<br>Х1 3<br>гьум 61<br>§18 | 11.12 | |
| 15 | Контролияб диктант | 1 | Малъараб материал такрар гьаби | 18.12 | |
| 16 | Гьоркьоблъиялъу-лал прилагательноял<br>Прилагательноял лъугьунеб куц.<br>Раг1абазул диктант | 1 | §19<br>Х1 4<br>гьум 65<br>§20<br>Х1 4<br>гьум 67 | 25.12 | |
| 17 | Предметияб ц1арлъун лъугьарал прилагательноял падежазде свери | 1 | §21<br>Х1 6 (лъ.)<br>гьум 71 | 15.01 | |
| 18 | Г1урус мац1алдаса рач1арал прилагательноя-зул бит1унхъвай<br>Прилагательноя-лъул разбор | 1 | § 22<br>Х1 4<br>гьум 73 | 22.01 | |
| | Рик1к1ен.<br>Раг1абазул диктант<br>Рик1к1еналъул г1уц1и. | | §24<br>Х1 5<br>гьум 78<br>§ 25<br>Х1 3<br>гьум 79 | 29.01 | |
| 19 | Сочинение «Нижер хъизан»<br>. Сочинениялъул анализ | 1 | Сочинение лъугьинабизе<br>§23<br>К/с<br>гьум 75 | 5.02 | |
| 20 | Рик1к1еналъул разрядал<br>Иргадул рик1к1ен | 1 | § 26<br>Х1. 3<br>Гьум. 83<br>§ 27<br>гьум 86 | 12.02 | |
| 21 | Рик1к1еналъул бит1унхъвай<br>Рик1к1енал падежазде свери<br>Рик1к1еналъул морфологияб разбор.<br>Раг1абазул диктант | 1 | § 28<br>гьум 88-89<br>§29<br>гьум 91-92<br>§30<br>К/с<br>гьум. 94 | 19.02 | |
| 22 | Ц1арубак1.<br>Ц1арубак1азул маг1на | 1 | § 31<br>Х1 8<br>гьум 97 | 26.02 | |
| 23 | Ц1арубак1азул разрядал | 1 | §32 | 4.03 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Ц1арубак1ал падежазде свери.<br>Диктанталъул анализ гьаби | | Х1 2<br>гьум 99<br>§ 33<br>гьум 100-103 | | |
| 24 | Контролияб диктант | 1 | Малъараб материал такрар гьаби | 11.03 | |
| 25 | Ц1арубак1азул бит1унхъвай<br>Ц1арубак1азул морфологияб разбор. | 1 | § 34<br>гьум 104<br>К/с 107-108 | 18.03 | |
| 26 | Причастие.<br>Причастиялъул маг1на<br>Причастиялъул грамматикиял г1аламатал. | 1 | §35<br>Х1 5<br>гьум 110<br>§ 36<br>гьум 110-111 | 1.04 | |
| 27 | Предложениялда жаниб причастие.<br>Раг1абазул диктант | 1 | § 37<br>Х1 5<br>гьум 114 | 8.04 | |
| 28 | Сочинение «Исана хасел» | 1 | Сочинение лъугьинабизе | 15.04 | |
| 29 | Причастияб сверел<br>Причастиялъул заманаби | 1 | § 38<br>гьум 117<br>§ 39<br>Х1 8<br>гьум 121 | 22.04 | |
| 30 | Причастие падежазде свери<br>Причастиялъул разбор | 1 | § 40<br>Х1 5<br>гьум 123<br>§41<br>К/с<br>Гьум. 124 | 29.04 | |
| 31 | Деепричастие.<br>Деепричастие глаголалъул хасаб форма<br>Деепричастиялъул грамматикиял г1аламатал. | 1 | § 42<br>Х1 5<br>гьум 126<br>§ 43<br>Х1 2<br>гьум 128 | 6.05 | |
| 32 | Контролияб диктант | 1 | Малъараб материал такрар гьаби | 13.05 | |
| 33 | Предложениялда жаниб деепричастие<br>Деепричастиялъул заманаби<br>Деепричастияб сверел | 1 | § 44<br>Х1 3<br>гьум 131<br>§ 45<br>Х1 7<br>гьум 134 | 20.05 | |
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс. | 1 | | 27.05 | |
| | | | | | |

**VI классалъул ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун**

**ругел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохьабазда лъазе ккола:**

цогидал мац!аздаса рач1арал раг1аби, ц1иял ва басралъарал раг1аби, фразеологиял сверелал;

морфологияб къаг1идаялда раг1и лъугьинабизе; цолъул ва г1емерлъул формаялда предметиял ц1арал падежазде сверизаризе;

г1адатаб ва жубараб прилагательное г1уц1изе; иргадул рик1к1еналгун предметиял ц1арал рекъон ккезаризе; причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе; раг!ул г1уц!ияльул разбор гьабизе.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола: орфографиялъул рахъалъан:** предметияб ц1аралъул суффиксал бит1ун хъвазе; журарал предметиял ц1арал бит1ун хъвазе; бат1и-бат1иял каламалъул бут1абаздаса лъугьарал прилагательниял бит1ун хъвазе;

Рик1к1ен ва ц1арубак1ал биг1ун хъвазе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

Г1емер лъул формаялда ц1арубак1азул падежиял ахирал бит1ун ц1ализе.

**Калам г1уц1иялъул рахъалъан:** жубараб план г1уц1изе; бат1и-бат1иял темабазда т1асан хабарияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине;

темаялъул аслияб пикруги х1исабалде босун, сочинениялъе материал данде гьабизе ва гьеб тартибалде ккезабизе;